

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data anu geus dipedar saméméhna ngeunaan polah ucapan basa Sunda dina naskah drama *Nagri Katumbiri* karya Nazarudin Azhar pikeun bahan pangajaran maca di SMA kelas XII bisa dicindekeun saperti ieu di handap.

*Kahiji*, dina ieu panalungtikan, polah ucapan nu kapanggih dina naskah drama *Nagri Katumbiri* karya Nazarudin Azhar, kapaluruh aya 329 kalimah (92,41%) anu kaasup kana polah ucapan. Anu dipasing-pasing dumasar kana wandana saperti polah ucapan lokusi aya 27 kalimah (7,59 %), polah ucapan ilokusi aya 156 kalimah (43,82%), jeung polah ucapan perlokusi aya 146 kalimah (41,01%). Data nu kapanggih anu pangréana nyaéta polah ucapan ilokusi (43,82%).

*Kadua*, dina ieu panalungtikan, Fungsi polah ucapan anu kapanggih aya 251 kalimah (70,50%), anu dipasing-pasing dumasar kana wandana saperti (1) fungsi asértif aya 70 kalimah (19,66%). Fungsi asértif ogé kabagi jadi dua bagian nyaéta aya fungsi nyebutkeun aya 44 kalimah (12,35%), fungsi ngalaporkeun aya 26 kalimah (7,30%). (2) fungsi diréktif aya 139 kalimah (39,04%). Fungsi diréktif ogé kabagi jadi 5 bagian nyaéta panitah aya 29 kalimah (8,15%), diréktif aya 11 kalimah (3,08%), pangajak aya 12 kalimah (3,37%), nanya aya 84 kalimah (23,60%), jeung paménta aya 3 kalimah (0,84%). (3) fungsi komisif aya 1 kalimah (0,28%) nyaéta wangun sumpah. (4) fungsi ékprésif aya 41 kalimah (11,51%), anu kabagi jadi 6 bagian nyaéta aya ngahampura 3 kalimah (0,84%), kukulutus aya 22 kalimah (6,18%), ménta aya 2 kalimah (0,56%), nyalahkeun aya 6 kalimah (1,68%), muji aya 6 kalimah (1,68%), jeung kritik aya 2 kalimah (0,56%). Sedengkeun fungsi dékläratif dina ieu naskah drama teu kapanggih.

*Katilu*, wanda polah ucap jeung fungsi polah ucap basa Sunda anu kapaluruh dina naskah drama *Nagri Katumbiri* karya Nazarudin Azhar, bisa dijadikeun bahan pangajaran maca di SMA Kelas XII. Sabada dianalisis saperti anu di tétélakeun saacanna, yén naskah drama *Nagri Katumbiri* ieu téh bisa dijadikeun alat pikeun nepikeun pangajaran kandaga kecap hususna polah ucap. Lian ti éta data polah ucap anu geus kapaluruh ogé bisa dijadikeun bahan dina nulis karangan.

Dumasar kana data anu geus dipedar di luhur, katitén yén wanda polah ucap jeung fungsi polah ucap dina dina naskah drama *Nagri Katumbiri* karya Nazarudin Azhar téh euyeub pisan, bisa ditalungtik dumasar kana papasingan wandana sarta bisa dijadikeun bahan pangajaran maca di SMA.

## 5.2 Implikasi

Wanda polah ucap jeung fungsi polah ucap dina dina naskah drama *Nagri Katumbiri* karya Nazarudin Azhar téh bisa di larapkeun di sakola dina pangajaran maca naskah drama, kalayan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Siswa dibéré téks naskah drama mangrupa sempalan tina naskah drama *Nagri Katumbiri* karya Nazarudin Azhar.
- 2) Siswa dibéré pancén pikeun maca sempalan naskah drama.
- 3) Siswa néangan wanda polah ucap jeung fungsi polah ucap dina sempalan naskah drama.
- 4) Siswa nganalisis wanda polah ucap jeung fungsi polah ucap dina sempalan naskah drama anu dipasing-pasing luyu jeung kalimahna. Siswa nyieun kalimah nu ngandung wanda polah ucap jeung fungsi polah ucap anu geus kapaluruh.

Dumasar kana kacindekan jeung léngkah-léngkah di luhur, implikasi dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

Sabada nengetan, nganalisis, jeung ngalarapkeun wanda polah ucap jeung fungsi polah ucap dina sempalan naskah drama *Nagri Katumbiri* karya Nazarudin Azhar, dipiharep siswa mampuh ngaronjatkeun kaparigelanna, saperti ieu di handap.

- 1) Maham kana wanda polah ucap jeung fungsi polah ucap dina sempalan naskah drama utamana maham kana papasingan unggal wandana.
- 2) Parigel dina nyieun kalimah anu ngandung wanda polah ucap jeung fungsi polah ucap.
- 3) Parigel dina nulis paguneman ngagunakeun wanda polah ucap jeung fungsi polah ucap sangkan merenah.

### 5.3 Saran

Sabada dilakukeun panalungtikan, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun saperti ieu di handap.

*Kahiji*, ieu panalungtikan medar wanda polah ucap jeung fungsi polah ucap dina naskah drama *Nagri Katumbiri* karya Nazarudin Azhar ditalungtik maké tilikan pragmatik. Ku kituna masih perlu diayakeun panalungtikan séjénna ngagunakeun élmu séjénna.

*Kadua*, panalungtikan ngeunaan wanda polah ucap jeung fungsi polah ucap téh kawilang saeutik. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun naskah drama *Nagri Katumbiri* karya Nazarudin Azhar bisa kapanggih dina rupa-rupa wangu komunikasi, boh komunikasi verbal, boh komunikasi non verbal.

*Katilu*, wanda polah ucap jeung fungsi polah ucap dipiharep bisa dihirupkeun deui dina kahirupan sapopoé ngaliwatan pangajaran maca naskah drama.